

Aplikasyon pou Sèvis Postal Prioritè pou Mande yon Batistè nan Vil New York

Sèvi avèk fòmilè sa a sèlman pou mande yon batistè nan Vil New York epi resevwa li pa sèvis postal prioritè. Ale sou nyc.gov/vitalrecords pou konnen konbyen tan sa pran kounye a pou nou trete demann yo, nan ki etap kòmman ou an ye, ak lòt enfòmasyon.

(Tanpri ekri byen klè an lèt detache epi mete enfòmasyon yo nan lang anglè sèlman.
Tradiksyon fòmilè sa a disponib sou entènèt pou referans sèlman.)

Kiyès Ki Kapab Aplike pou yon Batistè nan Vil New York?

- Pou aplike pou yon batistè, ou dwe se moun ki gen non li sou batistè a e ou dwe gen omwen 18 an, oswa ou dwe se paran oswa responsab legal moun ki gen non li sou batistè a.
- Moun ki gen non li sou batistè a dwe te fèt nan youn nan senk minisipalite nan vil New York yo (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens ak Staten Island).
- Si ou se yon avoka k ap fè yon demann nan non yon kliyan, pa sèvi avèk fòmilè sa a. Olye de sa, sèvi avèk fòmilè "Attorney Protocol for NYC Birth Certificates" (Pwotokòl Avoka pou Batistè nan Vil New York), ki disponib nan on.nyc.gov/birth-certificate-attorney.

Kijan pou Mwen Mande yon Batistè nan Vil New York?

- **Etap 1:** Ale nan Paj 3 epi ranpli tout enfòmasyon yo mande nan Seksyon En ak De yo. Si gen enfòmasyon ou kite vid sa ap lakòz reta nan tretman demann ou an.
- **Etap 2:** Chwazi rezon ki fè w ap mande yon batistè nan Seksyon Twa. Rezon ou chwazi a ap detèmine si w ap resevwa yon vèsyon kout batistè a oswa yon vèsyon long batistè a. Pifò moun bezwen yon vèsyon kout batistè a, ki ka sèvi pou pifò rezon pèsònèl andedan peyi Etazini, tankou pou al fè lisans chofè oswa paspò ameriken.
 - Si w ap mande yon batistè epi ou bezwen yon atestasyon ofisyèl (sètifika otantisite), chwazi ou vle yon vèsyon long batistè a. Y ap ba ou yon vèsyon long batistè a ansanm avèk yon Lèt Egzanplifikasyon, e ou dwe fè notarye lèt la nan Biwo Grefye Konte (Office of the County Clerk) la. Apre sa ou ka sèvi avèk vèsyon long batistè a ak Lèt Egzanplifikasyon a pou jwenn yon atestasyon ofisyèl. Se Depatman Deta Eta New York la ki emèt atestasyon ofisyèl yo.
- **Etap 3:** Fè notarye Paj 5 lan. Asire w ke ou siyen epi mete dat sou fòmilè a.
- **Etap 4:** Ou dwe bay yon kopi pyès idantite (ID) ou, ki lizib, ki valab (pa ekspire), epi ki gen foto ou ak siyati ou sou li. Fotokopi pyès idantite w la dwe klè. Gade nan Paj 2 a pou wè ki kalite pyès idantite ki akseptab ak sa ou ka bay si ou pa gen yon pyès idantite ki gen foto, ki valab.

Frè yo ak Enstriksyon pou Voye pa Lapòs

- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la ap fè peye \$15 pou chak batistè ou mande. Ou ka kòmande twa kopi omaksimòm.
- Sèvis postal prioritè a gen yon frè tretman \$7.50.
- Fè chèk oswa manda postal ou a sou non: **NYC Department of Health and Mental Hygiene**. Nou pa aksepte ni lajan kach ni chèk tanporè. Si w ap aplike pou yon batistè andeyò peyi Etazini, nou egziye yon manda postal entènasyonal an dola ameriken ki soti nan yon bank ameriken.
- Voye aplikasyon ki fin ranpli ak notarye w la, kopi pyès idantite w ki gen foto w, ki valab, ak peman an (chèk oswa manda postal) pa lapòs nan adrès ki nan Paj 5 lan.
- Nou pa ka voye batistè pa lapòs nan adrès ki make "in care of" (sou responsablite).
- **Kòmande sou entènèt:** Pou nou travay pi vit sou aplikasyon w lan, ale sou vitalchek.com. Nou travay sou kòmman sou entènèt yo nan yon delè 72 èdtan pandan lasemèn, epi livrezon postal rapid pa UPS disponib. Se sèlman moun oswa paran yo mansyone sou batistè a ki ka kòmande sou entènèt.

Tablo 1. Egzijans pou Pyès Idantite yo**Kategori 1: Pyès Idantite yo**

Bay **youn** nan pyès idantite sa yo. Dokiman an dwe gen sou li foto ou ak siyati ou epi li pa dwe ekspire.

Lisans chofè oswa kat idantite pou moun ki pa chofè	Kat idantite inivèsite oswa kolèj avèk dènye relvednòt ou
Kat avantaj Eta New York	Kat idantite moun ki prizonye avèk papye liberasyon aktyèl yo
Paspò Ameriken oswa etranje ki gen siyati	Kat idantite travay avèk yon souch chèk peman aktyèl
Kat idantite minisipal IDNYC	Kat NYC Access-A-Ride
Sètifika natiralizasyon peyi Etazini (orijinal la obligatwa)	NYC MTA Reduced-Fare MetroCard
Kat idantite militè (dwe pou moun y ap mande batistè li an)	

Tablo 2. Egzijans pou Prèv Adrès**Kategori 2: Dokiman ki gen Prèv Adrès**

Si ou pa gen okenn nan dokiman Kategori 1 yo, bay nenpòt nan **de (2)** dokiman prèv adrès sa yo. Dokiman yo dwe gen yon dat ki nan lespas 60 dènye jou yo epi yo dwe montre non ou ak adrès ou. Pa egzanp, ou ka bay yon bòdwo telefòn ki gen dat pou 60 dènye jou yo ak lèt yon ajans gouvènman ki gen dat pou 60 dènye jou yo tou. Oswa, ou ka bay de (2) bòdwo telefòn, depi yo toude gen dat pou 60 dènye jou yo. N ap voye batistè w la pa lapòs nan adrès ki sou dokiman ou bay yo.

Bòdwo sèvis piblik	Kourye ofisyèl gouvènman an ki adrese a ou
Bòdwo telefòn	Bòdwo lwaye (lèt ipotèk oswa kontra lwaye)
Bòdwo medikal	

Si ou pa ka bay okenn nan dokiman ki nan Tablo 1 oswa 2 yo, rele **311** oswa voye yon imèl bay nycdohvr@health.nyc.gov. Si w ap rele andeyò Vil New York, rele 212-639-9675.

Seksyon En: Kijan Ou Rele?

Ou dwe gen omwen 18 an. Ekri byen klè an lèt detache epi sèvi ak lank nwa sèlman. Sèvi avèk non ki parèt kounye a sou pyès idantite ou. Tout sa yo mande ou pi ba a obligatwa. Nou pa ka voye batistè pa lapòs nan adrès ki make "in care of" (sou responsabillite).

PRENON	DEZYÈM PRENON	SIYATI
ADRÈS POSTAL		NIMEWO APATMAN
VIL	ETA	KÒD POSTAL
NIMEWO TELEFÒN PRENSIPAL		LÒT NIMEWO TELEFÒN (SI OU GENYEN)
ADRÈS IMÈL		

Sa ou ye pou moun ki gen non li sou batistè a:

- ☐ Se batistè pa mwen m ap mande.
- ☐ Mwen se manman/paran moun ki gen non li sou batistè a.
- ☐ Mwen se papa/paran moun ki gen non li sou batistè a.

Seksyon De: Enfòmasyon sou Batistè a

Nan seksyon sa a, ekri non yo jan yo parèt kounye a sou batistè w ap mande a.

Non ki sou batistè a jan li parèt **kounye a**:

PRENON	DEZYÈM PRENON	SIYATI
--------	---------------	--------

Dat nesans ki make sou batistè a (mwa/jou/ane):

--	--	--	--	--	--	--	--

Si ou pa konn dat nesans egzak la, ranpli entèval pou rechèch la (mwa/jou/ane) (gade Paj 5 lan pou jwenn enfòmasyon sou frè rechèch yo):

Dat kòmansman:

--	--	--	--	--	--	--	--

Dat finisman:

--	--	--	--	--	--	--	--

Sèks ki sou batistè a: ☐ Gason ☐ Fi ☐ X*

*X se yon sèks ki pa ni gason ni fi (yon idantite seksyèl ki gen plis pase de (2) sèks).

Minisipalite nesans lan (kite li vid si ou pa konnen):

☐ Bronx ☐ Brooklyn ☐ Manhattan ☐ Queens ☐ Staten Island

Non jènfi manman/paran ki sou batistè a:

PRENON	NON JÈNFI
--------	-----------

Non papa/paran ki sou batistè a:

PRENON	SIYATI
--------	--------

Lye nesans ki sou batistè a (kite li vid si ou pa konnen):

NON LOPITAL LA, SANT AKOUCHMAN AN OSWA, SI SE LAKAY, ADRÈS FIZIK, VIL, ETA, KÒD POSTAL
--

Seksyon Twa: Rezon pou Demann nan

Make poukisa w ap mande yon batistè epi ki kantite w ap mande.

Genyen de (2) kalite batistè. Ou ka mande nenpòt ki kalite. Yo gen menm pri.

- **Vèsyon kout:** Pifò moun mande yon vèsyon kout batistè a. Li ka sèvi pou pifò rezon pèsònèl andedan peyi Etazini, tankou pou al fè lisans chofè oswa paspò Ameriken. Batistè sa a gen ladann prenon ak non fanmi moun ki gen non li sou batistè a ak kote li fèt, dat li fèt, sèks li lè li fèt, dat depo a, ak prenon ak siyati manman an/paran an ak papa a/paran an.
- **Vèsyon long:** Vèsyon long batistè a gen ladann menm enfòmasyon avèk vèsyon kout batistè a, ansanm ak enfòmasyon anplis tankou lè nesans lan, non lopital la ak kote paran an (yo) te fèt. Anjeneral, batistè sa a sèvi pou rezon entènasyonal, tankou doub sitwayènte, adopsyon entènasyonal, maryaj entènasyonal ak pou jwenn yon atestasyon ofisyèl.

Nan tablo sa a, make rezon ki fè w ap mande yon batistè. Rezon ou chwazi a ap detèmine si w ap resevwa yon vèsyon kout oswa vèsyon long batistè a.

Poukisa w ap mande yon batistè:			Sa w ap resevwa:
☐ Paspò Ameriken oswa vwayaj ☐ Eritaj oswa règleman byen (Etazini sèlman) ☐ Maryaj (Etazini sèlman) ☐ Rezon ki gen pou wè ak lajistis ☐ Lisans chofè	☐ Asistans oswa avantaj gouvènman ☐ Travay ☐ Lekòl oswa espò ☐ Asirans, pansyon oswa retrèt ☐ Sekirite sosyal oswa avantaj sosyal	☐ Taks sou revni ☐ Adopsyon (Etazini sèlman) ☐ Dosye oswa itilizasyon pèsònèl ☐ Lòt	 Vèsyon kout batistè a
☐ Atestasyon Ofisyèl ☐ Doub sitwayènte oswa imigrasyon ☐ Adopsyon (entènasyonal sèlman)	☐ Maryaj (entènasyonal sèlman) ☐ Lè nesans ☐ Itilizasyon entènasyonal, oswa itilizasyon aletranje ☐ Eritaj oswa règleman byen entènasyonal	☐ Lòt	 Vèsyon long batistè a

Konbyen batistè w ap bezwen (maksimòm twa)? ☐ Youn ☐ De ☐ Twa

Seksyon Kat: Fè Notarye Aplikasyon w lan

Aplikasyon sa a dwe notarye. Se paj sa a sèlman ou bezwen notarye. Ou dwe bay kopi pyès idantite ou genyen kounye a ansanm ak aplikasyon sa a. Gade Tablo 1 nan Paj 2 a pou wè lis kalite pyès idantite nou aksepte yo.

SIGNATURE OF APPLICANT (SIYATI MOUN K AP FÈ DEMANN NAN)

DATE (MONTH/DAY/YEAR) DAT (MWA/JOU/ANE)

--	--	--	--	--	--	--	--

**To be completed by notary
(Se notè a ki dwe ranpli pati sa).**

State of _____

County of _____

Subscribed and sworn before me:

this _____ day of _____, 20_____

Notary Public Signature

Notary Public Seal

Se sèlman yon moun dosye nesans la konsène, si li majè, oswa yon paran nou ka bay yon kopi batistè a. Se yon vyolasyon lalwa pou w fè deklarasyon ki fo, ki se manti, oswa ki pou twonpe moun, oswa pou w imite siyati yon lòt moun sou aplikasyon sa a. Vyolasyon sa yo se deli minè e pinisyon an se yon amann ki ka rive jiska \$2,000.

Frè yo ak Kijan pou Soumèt Aplikasyon W lan

Chak batistè koute \$15. Ou ka mande twa batistè omaksimòm. Si ou pa konn dat nesans egzak la epi ou sèvi ak yon entèval dat pito, gen yon frè rechèch \$3 anplis pou chak ane konsekitif ou chèche apre de (2) lane.

Nou aksepte chèk ak manda postal sèlman. Nou pa aksepte ni lajan kach ni chèk tanporè.

Asire w ou fè bagay sa yo:

- Ranpli Seksyon En, De, Twa ak Kat nan aplikasyon an.
- Fè notarye Seksyon Kat la.
- Bay fotokopi pyès idantite ki gen foto w ak siyati w ou genyen kounye a, oswa prèv adrès ou (gade Tablo 1 ak 2).
- Fè peman pa chèk oswa manda postal.

Kalkile Pri Demann Ou an

Kantite batistè ou mande yo (maksimòm twa): _____

Miltipliye pa \$15 pou chak batistè egal: \$ _____

Plis \$3 frè rechèch pou chak ane anplis nou chèche apre de (2) × ____ lane: \$ _____

Ajoute frè tretman pou sèvis postal priyorite: \$7.50

Montan total peman an (sòm montan ki pi wo yo): \$ _____

Voye l pa lapòs nan:

NYC Department of Health and Mental Hygiene

Attention: Premium BC Request

125 Worth St., Room 119, CN-4

New York, NY 10013

Pou yo ede ou avèk aplikasyon sa a, rele **311** oswa voye yon imèl bay nycdohvr@health.nyc.gov. Si w ap rele andeyò Vil New York, rele 212-639-9675.